

24

avril

Pa gen dlo ki ka touye l. Pa gen larivyè ki ka tenyen l. Yon moun te mèt ofri tout richès lakay li pou l ta achte renmen, pèsonn pa ta okipe l.

Kantik 8. 7

Lanmou pa gen pri

“Anpil dlo pa ka etenn lanmou” : Ala vre sa vre tou pou lanmou Bondye ! Pa gen anyen ki te ka tenyen l, e pap janm gen anyen k ap ka tenyen l. Bondye te fè nou konnen lanmou li grasa pwofèt yo. Men souvan yo te rejte e pi pèsekite yo. Se pou sa, Bondye pale ak nou pandan li voye “pwòp pitit li renmen anpil la” (Mak 12. 6). Men, menm li menm tou, yo pa te respekte. Mete sou sa, yo te menm rayi li, kondane l epi krisifye l. Epoutan, lanmou Bondye pa te janm “tenyen”. Sou lakwa, Kris la te sipòte, chatiman Bondye a nou te merite akòz de peche nou yo. Bondye pa te tire revanj poutèt nou te rejte pitit li a, men li te ofri li pou lèzòm te ka sove. Jezi, yo te krisifye a, te priye konsa : “Papa, padone yo paske yo pa konnen sa y ap fè” (Lik 23. 34). Se te lanmou ki t ap anime li e ki t ap soutni l. Li te vle onore sentete Bondye epi bay pechè yo padon pou fot yo.

“Si yon nonm ta bay tout byen ki lakay li pou lanmou, yo t ap meprize l anpil”. Sa se yon mepriz pou yon moun ta vle achte lanmou, ale wè ankò lanmou Bondye ! Yo pa kapab achte l, pa gen okenn pri. Li soti lib konsa nan kè Senyè tout limanite a. Tout moun ki sou latè, rich kou pòv, yo mete yo sou menm pye : yo pa kapab bay anyen pou yo ka jwenn lanmou Bondye, yo ka sèlman resevwa l epi di : “Senyè, vini nan lavi mwen”. L ap tann repons sa a, lanmou li an.

24

avril

Beaucoup d'eaux ne peuvent éteindre l'amour, et des fleuves ne le submergent pas ; si un homme donnait tous les biens de sa maison pour l'amour, on l'aurait en un profond mépris. Cantique des cantiques 8. 7

L'amour n'a pas de prix

“Beaucoup d’eaux ne peuvent éteindre l’amour” : combien cela est vrai de l’amour de Dieu ! Rien n’a pu l’éteindre, et rien ne pourra jamais le faire. Dieu a fait connaître son amour par les prophètes. Mais ils ont souvent été rejetés et persécutés. Alors Dieu nous a parlé en envoyant son “unique fils bien-aimé” (Marc 12. 6). Mais lui non plus n’a pas été respecté. Plus que cela, il a été haï, condamné et crucifié. Pourtant l’amour de Dieu n’a pas été “éteint”. Sur la croix, Christ a supporté de la part de Dieu le châtiment que nous méritions à cause de nos péchés. Dieu n’a pas demandé vengeance à cause du rejet de son Fils, mais il le propose comme Sauveur à tous les hommes. Jésus, crucifié, a prié : “Père, pardonne-leur, car ils ne savent pas ce qu’ils font” (Luc 23. 34). C’était l’amour qui l’animait et le soutenait. Il voulait honorer la sainteté de Dieu et donner aux pécheurs le pardon de leurs fautes.

“Si un homme donnait tous les biens de sa maison pour l’amour, on l’aurait en un profond mépris”. Il est méprisable en effet de vouloir monnayer l’amour, et combien plus l’amour de Dieu ! Il ne peut être acheté, à aucun prix. Il se répand librement du cœur de notre Seigneur sur l’humanité tout entière. Tous les hommes sur la terre, riches ou pauvres, sont placés sur un pied d’égalité : incapables de donner quoi que ce soit en échange de l’amour divin, ils peuvent simplement le recevoir et dire : “Viens, Seigneur, dans ma vie !” et ajouter : “Merci, Seigneur”. Cette réponse à son amour, il l’attend !